Konnen **Dwa W!**

NAN TRIBINAL IMIGRASYON

Si ou nan pwosè ekspilsyon (depòtasyon), ou gen dwa pou ou gen yon odisyon devan yon jij imigrasyon.

Men kèk rapèl **konsènan prezans ou nan tribinal imigrasyon:**

Ou gen dwa pou ou gen yon avoka, men ou dwe jwenn epi peye pwòp avoka ou oswa yon reprezantan akredite. Ou ka mande jij la plis tan pou ou jwenn yon avoka oswa pou ou prepare dosye ou.

Ou gen dwa tou pou ou gen yon entèprèt si ou pa pale Anglè.

Ou gen dwa pou ou aplike pou nenpòt kalite "soulajman kont ekspilsyon" (relief from removal) ke ou kalifye pou li. Tanpri konsilte yon avoka sou kalite "soulajman kont ekspilsyon."

- Si ou pè pou yo pa fè w mal nan peyi orijin ou, di jij la ak nenpòt ofisye ICE, ***"I am afraid to go back to my home country" ("Mwen pè tounen nan peyi mwen")*** osi vit ak osi souvan sa posib.



Si ou wè ICE, rete kalm.
Kouri kache gendwa danjere.

Ou gen dwa pou ou pa di ajan ICE yo non ou.

Eske ou wè ICE nan tribinal la?

Rele liy asistans nan zòn ou an imedyatman pou ou rapòte aktivite sa a. Ekri enfòmasyon liy asistans rapid la annapre a:

GWOUP REPONS RAPID NAN ZÒN

NIMEWO TELEFÒN LIY ASISTANS LAN

SONJE A.K.L.A.M.E

Aktive
Sa k ap pase

Kantite
Kantite ajan ak machin ki la

Lè ak dat
Lè ak dat aktivite a

Adrès
Kote yo ye, direksyon yo prale

Machin ak inifòm
Dekri zam, rad, ak machin yo

Ekipman
Ki ajans ki make sou rad yo

Ou pa dwe konsidere okenn enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy jiridik. *Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite nan Komisyon apèl nan dosye imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA) konsènan ka ou a.*

American Friends Service Committee

Ou gen dwa pou ou pataje prèv epi mennen temwen pou sipòte dosye ou. Ou dwe kapab wè tout prèv gouvènman an itilize epi reponn yo.

- Si avoka gouvènman an mande pou yo rejte dosye ou a, ou ka mande yon pwolongasyon (plis tan) pou ou ka reponn mosyon yo a. Di, ***"I would like a continuance."*** ("Mwen ta renmen yon pwolongasyon").

- Si jij imigrasyon an pa ba ou plis tan, ou ka di, ***"I oppose dismissing my case." ("Mwen opoze pou yo rejte dosye mwen an.")*** Eksplike poukisa ou panse yo ta dwe tande dosye ou a.

    - Ou ka di, ***"I have due process rights to have my case heard"*** ("Mwen gen dwa a yon pwosesis ekitab pou yo tande dosye mwen an"),

    - ***"I have been and I am complying with all immigration rules;"*** ("Mwen te toujou respekte epi mwen kontinye ap respekte tout règleman imigrasyon yo"), oswa

    - ***"Dismissing my case would make my process longer and hurt me, my family, my community."*** ("Rejte dosye mwen an t ap fè pwosesis mwen an vin pi long epi sa t ap fè mwen menm, fanmi mwen, ak kominote mwen mal").

Si jij la rejte dosye ou, **ou gen dwa pou fè apèl**.

- Gen yon posiblite pou ICE ta eseye detni ou. Si yo ta detni ou epi ou pè pou yo pa fè ou mal nan peyi orijin ou, ou ka esplike sa ak chak ofisye ou pale epi **mande yon entèvyou sou krent kredib**. YOu ka mande pou ranvwaye entèvyou krent kredib ou a pou ou ka gen tan pale ak avoka ou.

- Si ou pa prezante nan yon odyans tribinal imigrasyon ki te pwograme, gen anpil chans pou yo ba yon lòd depòtasyon epi w ap ap riske arestasyon, detansyon ak yon depòtasyon rapid.

SI YO ARETE W

Kreye yon plan ijans davans sou sa pou w fè si yo mete w nan detansyon.

PLAN IJANS

- ☑ Kontak avoka,
- ☑ Nimewo telefòn kontak ijans (moun k ap bay swen, fanmi, lòt)
- ☑ Plan pou finans, swen ak plis ankò

Mande yon moun pou l fè avoka w ak fanmi w konnen. Li ka itil pou sonje nimewo telefòn sa yo.

Ou pa oblije reponn kesyon okenn ajan yo. Ou gen dwa pou rete an silans. Ou ka di: "I would like to remain silent. I would like to speak to an attorney." (Mwen ta renmen rete an silans. Mwen ta renmen pale ak yon avoka.")

Ou gen dwa pale ak yon avoka, men ou ka bezwen jwenn pwòp avoka w. Mande pou yo ba ou yon lis avoka ki disponib.

Pa siyen anyen san ou pa pale ak yon avoka anvan.

Ou pa dwe konsidere okenn enfòmasyon nan dokiman sa a kòm konsèy jiridik. *Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan akredite nan Komisyon apèl nan dosye imigrasyon (Board of Immigration Appeals, BIA) konsènan ka ou a.*

POU JWENN PLIS RESOUS, VIZITE, AFSC.ORG/KYR